

PREVANSYON DEGÈPISMAN

Ou kapab jwenn tout enfòmasyon yo sou [NYC.gov/tenantprotection](https://nyc.gov/tenantprotection). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [Paj Enfòmasyon sou COVID-19 MOPT](#) a oswa rele 311 epi mande pou “Liy Èd pou Lokatè (Tenant Helpline)” pou konnen dènye mizajou yo.

ENFÒMASYON YO

- Yon pwopriyetè pa kapab mete ou deyò nan kay la san li pa jwenn otorizasyon nan men tribinal lojman an anvan si w ap viv ladan li pandan omwen plis pase 30 jou oswa si w gen yon kontra lwaye. Li pran tan, epi ou gen dwa nan kad pwosesis sa a.¹
- Si w se yon lokatè ki gen yon kontra lwaye, oswa w ap viv nan kay la pandan omwen 30 jou, sèl fason yo kapab mete w deyò se lè yon jij bay pwopriyetè a otorizasyon nan pase yon lòd. Si yon pwopriyetè, gadyen, oswa yon lòt moun k ap travay pou pwopriyetè a fèmen w deyò apatman w lan, rele 911 oswa komisarya ki nan zòn ou an.
- Si lapolis pa kapab ede ou, ou kapab lanse yon pwosè ijans nan Tribinal Lojman an yo rele “fèmen deyò ki pa legal (illegal lockout)”. Se yon fason pou yo kapab “[reba ou posesyon](#),” sa vle di kite w antre nan apatman an ankò.
 - Ou kapab kòmanse pwosè ijans yo sou fòm elektwonik oswa nan telefòn epi ou kapab konparèt san w pa vini nan yon tribinal.
 - Pou kesyon ak pwoblèm ki gen pou wè ak fonksyonman Tribinal Lojman Vil New York pandan ijans COVID-19/kowonaviris la, tanpri ale sou nycourts.gov oswa rele nimewo telefòn ijans sa yo pou Tribinal Lojman an, ki disponib ant 9:00 AM ak 5:00 PM.

Bronx 718-618-2500

Harlem 646-386-5409

Kings (Brooklyn) 347-404-9133

New York (Manhattan) 646-386-5730

Queens 718-262-7300

Richmond (Staten Island) 646-386-5409

¹Dwa yo dekri nan bwochi sa a pa toujou aplikab pou moun ki patisipe nan pwogram òganizasyon benevòl yo oswa pwogram gouvènman yo ki bay lojman pwovizwa.

RESOUS POU LOKATÈ

- Si w ap fè fas ak degèpisman oswa ou gen enkyetid konsènan sityasyon lojman ou gen konsèy jiridik gratis ki disponib pou tout lokatè. Tanpri rele 311 epi mande pou “Liy Èd pou Lokatè (Tenant Helpline)”, oswa ranpli [fòm Kontakte Nou \(Contact Us\)](#) Biwo Majistra a pou Pwoteje Lokatè yo.
- Pou jwenn resous ak enfòmasyon ki ajou konsènan dwa lokatè yo, sispansyon degèpisman an oswa fonksyonman Tribinal Lojman an pandan COVID-19 la tanpri ale sou [Paj Enfòmasyon sou COVID-19 MOPT](#) a, oswa rele 311 epi mande pou “Liy Èd pou Lokatè (Tenant Helpline)”.



JWENN ASISTANS JIRIDIK

- **Gen konsèy jiridik gratis ki disponib pou lokatè Vil New York yo.** Pou jwenn sèvis sa yo, tanpri rele 311 epi mande pou “Liy Èd pou Lokatè (Tenant Helpline)”, oswa ranpli [fòm Kontakte Nou \(Contact Us\)](#) Biwo Majistra a pou Pwoteje Lokatè yo.
- Si w ap fè fas ak yon pwosè degèpisman, ou ka jwenn yon avoka ki pou reprezante ou nan Biwo Majistra a pou Jistis Sivil, ki se yon inite nan Administrasyon Resous Imèn lan. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn asistans jiridik gratis, rele 311 epi mande pou “Liy Èd pou Lokatè (Tenant Helpline)” oswa ale sou nyc.gov/civiljustice.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn konsèy jiridik gratis, rele 311 epi mande pou “Liy Èd pou Lokatè Vil la.”



Mayor's Office to
Protect Tenants

[Haitian Creole]

ASISTANS POU LWAYE AK SÈVIS PIBLIK

SI W GEN YON SIBVANSYON POU LWAYE EPI OU GEN DIFIKILTE POU PEYE KONTRIBISYON LWAYE OU:

- **Lojman Piblik NYCHA** – Si w ap viv nan yon lojman NYCHA, ou gendwa kalifye pou yon rediksyon lwaye akòz yon [difikilte pou peye lwaye](#). Si yo redui èdtan w yo nan travay la, oswa si w pèdi travay ou, ou kapab ranpli yon fòm Resètifikasyon Pwovizwa tousuit. Fanmi yo kapab rele nan 718-707-7771 epi chwazi opsyon 5 lan.
- **NYCHA Seksyon 8** – NYCHA ankouraje fanmi ki pa kapab peye lwaye yo paske yo pèdi revni yo ale nan Pòtay Sèvis Lib la. Patisipan seksyon 8 yo kapab fè konnen yo diminye nan revni fanmi yo lè yo ranpli yon fòm Resètifikasyon Pwovizwa nan [Pòtay Sèvis Lib NYCHA](#). Fanmi ki pa gen aksè entènèt yo ka soumèt yon demann nan P.O. Box 19196, Long Island City, NY 11101-9196 oswa rele Sant Kontak Kliyan NYCHA nan 718-707-7771 pou jwenn asistans.
- **HPD Seksyon 8** – Moun ki gen kupon ki nan difikilte pou peye lwaye akòz yo diminye nan revni yo ta dwe ranpli [fòm pou Siyale Diminisyon Revni \(Reporting Income Decrease\)](#) an epi voye li nan DTRIncomeDecrease@hpd.nyc.gov oswa telechaje li mete sou [Pòtay Dokiman](#) an. Fanmi ki pa gen aksè entènèt yo ka soumèt fòm yo ak dokiman yo pa faks nan 212-863-5299, oswa pa imèl nan Divizyon Resous pou Lokatè HPD a, 100 Gold Street Room 1-M, New York NY 10038. Tanpri sonje Biwo pou Sèvis Kliyantèl HPD a fèmen pou piblik la nan moman an.
- **CityFHEPS** – Si w se yon moun ki patisipe nan pwogram CityFHEPS ki gen revni diminye, ou kapab [soumèt yon demann pou chanje kontribisyon lokatè ou](#) nan RAPRenewals.hra.nyc.gov.



SI W VLE APLIKE POU ASISTANS POU LWAYE:

Depatman Sèvis Sosyal/Administrasyon Resous Imèn (Department of Social Services, DSS/Human resources Administration, HRA) Vil New York gen plizyè pwogram pou lokatè ki bezwen asistans. Ou kapab aplike pou Asistans Lajan Kach, ki gen ladan sibvansyon lwaye chak mwa san kanpe, ak/oswa Asistans Ijans inik/Akò pou Tout Moun (Emergency Assistance, EA/One-Shot-Deal, OSD) pou Reta Peman Lwaye yo oswa reta peman sèvis piblik yo. Ou kapab aplike atravè:

- **ACCESS NYC** – Ale nan ACCESS NYC pou wè si w elijib pou asistans oswa reta lwaye.
- Rele pwogram prevansyon sanzabri Homepage la nan 311 epi mande pou “Homepage” oswa sèvi ak [lokalizatè Homepage](#) la pou rele biwo ki pi pre w la.
- Pou rele Liy Èd pou Lokatè a, tanpri rele 311 epi mande pou “Liy Èd pou Lokatè (Tenant Helpline)”, oswa ranpli [fòm Kontakte Nou \(Contact Us\)](#) Biwo Majistra a pou Pwoteje Lokatè yo.

ACCESS NYC se yon zouti oto-evalyasyon ki rekòmande pwogram avantaj piblik pou ou panse aplike pou yo selon enfòmasyon ou antre sou fanmi ou. ACCESS NYC pral di w fason pou aplike, men li pa garanti w aplikasyon w lan pral elijib. Ale nan ACCESS NYC sou entènèt nan **nyc.gov/acesshra** oswa aplikasyon Access HRA a (iOS ak Android).

AVÈTISMAN: Enfòmasyon yo bay nan bwochi sa a se pa konsèy jiridik. Tout enfòmasyon, kontni ak dokiman ki nan bwochi sa a, se pou bay enfòmasyon jeneral sèlman.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn konsèy jiridik gratis, rele 311 epi mande pou “Liy Èd pou Lokatè Vil la.”



Mayor's Office to
Protect Tenants

[Haitian Creole]